

هل سألت نفسك؟ من خلقك؟ ولماذا؟

وماذا بعد الموت؟) للجمعية)

Wakambozvibvunza here?

Ndiani akakusika? Uye nekuda

kwei akakusika? Uye chii chiri

mushure merufu?

**Wakambozvibvunza here? Ndiani akakusika?
Uye nekuda kwei akakusika? Uye chii chiri
mushure merufu?**

Dare rezvedzidzo resangano rekushandira mashoko eIslam mumitauro yakasiyana-siyana.

**Wakambozvibvunza here? Ndiani
akakusika? Uye nekuda kwei akakusika?
Uye chii chiri mushure merufu?**

Dare rezvedzidzo resangano rekushandira mashoko eIslam mumitauro yakasiyana-siyana.

Ndiani akakusika iwe munhu? Dai waitarisa muviri wako pasi pemaikorosikopu,waizoon nyika yekunyatsorongeka nezvishamiso, sezvo sero rega rega riri mumuviri wako rakatakura mukati maro ruzivo rwenhaka rwune makodhi akaomarara, wakambozvibvunza here kuti ndiani akanyora makodhi aya? Uye ndiani akaaisa panzvimbo yawo chaiyo?

Chivakwa chese chakakwirira, uye neimba imwe neimwe idiki, zvinorondedzera nhoroondo yeakazvivaka; zvinogamuchirika here mupfungwa kuti nyika ino yakatambanuka ivepo nerunako rwayo, nehurongwa hwayo hwakatsetseka, uye nekurongeka kwakadzama kwezvikuva zvayo, pasina Musiki?!

Iwe munhu, sezvo pfungwa dzako dzisingabvumi kuudzwa kuti: nharembozha

yakagadzirwa zvine hunyanzvi yakangoerekana yavapo pasina mugadziri kana muumbi, kana kuti dandemutande rakaomarara remichina rinoshanda mukuwirirana uye zvakaringana pasina mugadziri wezviringwa kana mutariri, saka saizvozvowo munhu ane njere haangabvume kuudzwa kuti: nyika huru ino nezvose zviri mairi zvinoti kurongeka, humhizha, mitemo yakatsetseka, nehurongwa hune hunyanzvi, yakavapo pasina Musiki?!

Zvirokwazvo chidimbu chimwe nechimwe munyika ino yese, kubva paatomu idiki-diki kusvika kuboka renyeredzi guru-guru, zvinotaridza hukuru hweMusiki wazvo; hazvigoneke kune munhu ane njere kuti kurongeka kwakadzama uku kwakabva mukusarongeka. Zvirokwazvo munhu ane njere haangabvume kuti nyika ino yese yakabva pasina, kana kuti hurongwa hunoshamisira uye hwakaoma uhwu hwakangoitika nemasanga!

Uye sekuti njere dzakakwana nechizvarirwo chakarurama zvinotungamira munhu pakutenda mukuvepo kweMusiki wenyika ino, zvinotisundidzirawo kufungisisa pamamiriro eMusiki uyu nekodzero dzake patiri.

Zvirokwazvo, kufungisisa maererano nemamiriro eMusiki uyu kunotivhurira misiwo yenzwisiro yakadzama pamusoro pekukosha kwekuti ave akakwana zvachose uye asina kana chaanoshayiwa kana kusakwana kupi zvako.

Uye izvi zvinoreva kuti Musiki vane maitiro ose erunako nehukuru, zvirokwazvo Ndivo, kurumbidzwa ngakuve kwavari, vane masimba ose pazvinhu zvose, Muzivi wezvinhu zvose, vane huchenjeri muzvese zvavakasika nekutara, uye kukwanira uku hausi mukana wekufungidzira chete asi zvinotodikanwa nepfungwa, nokuti kuperevera kupi zvako pamaitiro avo kunoita kuti kuve nekukanganisika mukusika nekuronga, izvo zvinopikisana nezvatinoona kubva mukurongeka muchisiko chose ichi.

Sezvo kucheneswa kubva mukuperevera kuchireva kuti Musiki vave Mupfumi vasingatarisire chinhu pazvisikwa zvavo, havana chavanoda kubva kuna ani zvake, asi vose vanovatarisira mukuvepo kwavo nekuenderera mberi kwavo. Uye Ivo, vanorumbidzwa, hazvigoneke zvachose kuti vave nemubatsiri kana mwana, nekuti zviratidzo zvekuperevera nekushaya simba, uye Allah vekumusoro-soro vakacheneswa kubva pane zvese izvi.

Saka kana Allah vari ivo Musiki Mukuru, vane mamiriro akakwana nehukuru, uye vari ivo vakatisika nekusika nyika yose kubva pasina, uye vari ivo varidzi vezvose zvirimo, uye vari ivo vanotipa raramo nekutikomba netsitsi dzavo, uye vari Murongi anofambisa zvinhu zvose; hazvifanirwi here kwatiri kuti tivatende nekutsvaga kuti tingavafadze sei, uye kuti

tingazadzise sei kodzero dzavo dzinodiwa kwatiri, uye toita mabasa kuti tizadzise chinangwa chavakatisikira?!

Zvingave zvine musoro here kuti Allah vange vakatisika vobva varega kutitsanangurira zvavanoda kubva kwatiri? Sei tiri pano? Chii chinangwa nedonzvo chekuvapo kwedu muhupenyu? Chii chichaitika kwatiri mushure merufu?

Chimbofunga neni kuti kana munhu akavaka imba yamambo inoyevedza, uye akaishongedza netekinoroji yechizvino-zvino, asi paanongopedza kuivaka, obva aiputsa yese pakarepo pasina chikonzero, tingati munhu uyu ane huchenjeri here? Hazvisi pachena here kuti chiito chakadai chinoonekwa sechenhando chisingaenderani nemunhu ane njere?

Saka kana chiito ichi chisingagamuchiriki pamunhu, tingafungidzire sei kuti Allah, Muchenjeri, Muzivi wazvose, vakasika zvisikwa zvose izvi zvinoshamisa zvakarongeka zvine hunyanzvi, vobva vazviparadza pasina chinangwa kana uchenjeri?!

Zvechokwadi Allah vakasika vanhu neuchenjeri huku, uhwo hunova kunamata Allah vari voga vasina mubatsiri, uye vakavasika kuti vavaedze munyika ino, uyezve vakavaisira nguva yakatarwa yavachamutswa pazuva reQiyaamah kuti vatongwe pamusoro pemabasa avo; saka uyo anotenda muna

Allah, achibvuma kukoka kwavo, achava nemufaro weJannah (Paradhiso) achigaramo nekusingaperi, uye uyo anofuratira chokwadi achava mumwe wevanhu vemuMoto.

Saka kunamata ikodzero yakasungirwa kwatiri nokuti ndicho chinangwa chekuvapo kwedu, uye ndicho chiratidzo chekutenda kwedu nekutsinhira kwedu hutenzi hwaAllah nehumwari hwavo.

Saka fungisisa kuti Allah, vanorumbidzwa, vekumusoro-soro, ndivo vakakusika ndokukukudza nekukupa kunzwa nekuona, uye vakakukomberedza nenyasha dzisingaverengeki, ndivo vanoita kuti ropa riyerere mutsinga dzako, uye vanokupa mvura nemhepo, iwe uchida rubatsiro rwavo panguva imwe neimwe, dai pasina tsitsi dzavo nekuchengeta kwavo, ungadai wakaparara uye simba rako ringadai rakapera. Asi ndivo, vanorumbidzwa, vakatora basa rekukupa chokudya iwe uchiri mwana ari mudumbu ramai vako, usina kana simba uye usina kana chawaigona kuzviitira.

Ko Musiki Mukuru uyu haakodzeri here kuti umunamate sezvaanoda iye, kwete sezvaunoda iwe?! Fungisisa, kana waida kupa amai vako chipo, waizosarudza zvinofadza chido chako here, kana kuti waizoedza kuziva zvavanofarira ivo kuti uvafadze nezvinovakodzera? Saizvozvo, kunamata Allah vane mbiri nehukuru, hazvikodzeri kuti kuenderane nezvishuwo zvedu kana tsika dzedu

dzatakatora kumadzitateguru, asi kuti kuve sezvavanoda ivo, vakarumbidzwa, uye nenzira yavakatiraira nayo.

Zvinosungirwa kuti kunamata kuve kune kuzvipira kuna Allah vekumusoro-soro vari voga vasina mubatsiri. Saka hazvibvumirwi kumunhu kuti anamate chimwe chinhu kunze kweMusiki wake, uye chitadzo chikuru-kuru chinokonzera kugara zvachose muMoto ndiko kubatanidza Allah nezvimwe zvinhu (shirk), izvo zvinoitika apo munhu anonamata zvimwe zvisikwa kunze kwaAllah, sekunamata zvifananidzo, zuva, mwedzi, kunamata munhu, mhuka, kana munhu akarurama. Saka zvese izvi imhando dzeshirk nekusatenda, uye uyo anofa achiita izvozvo, muripo wake uchave wekugara kwekusingaperi mumoto weJahannam.

Zvirokwazvo Allah vakatuma maporofita nevatumwa vakawanda kuti vatiudze nezvechinangwa chekuvepo kwedu panyika pano uye nechinangwa chehupenyu. Uye vatumwa vese ava shoko ravo raiva rimwechete, rinova shoko reIslam nekukoka vanhu kuti vanamate Musiki vari voga vasina mubetseri. Asi kune avo vakatsaudzira nekushandura zvakauya nevatumwa vakauya kare, saka Allah vakatumira Mutumwa wekupedzisira Muhammad uye vakadzikisa kwavari shoko rekupedzisira kuvanhu, rinova Qur'an rinoera. Uye kune humbowo hwakawanda hwepfungwa

nehwesainzi hunotaridza kuti Qur'an mashoko aAllah, uye kuti ndiro bhuku roga risina kumbotsaudzirwa nekushandurwa. Uye Allah vakatiudza muQur'an kuti havambotambiri kubva kumunhu chimwe chitendero kunze kwechitendero cheIslam, uye kuti vatumwa vese shoko ravo raiva rimwechete: rinova kukoka kuhumwechete hweMusiki nekuvanamata vari vega vasingasanganiswi nechero chinhu. Uye Allah vakatiudza muQur'an kuti kune Paradhiso (Jannah) nemakomborero ekusingaperi achava evatendi, uye kune moto nemurango unorwadza kune avo vanonamata chimwe chisiri Allah kana kuramba kupinda muIslam.

Zvinosiyanisa Islam nezvimwe zvitendero ndezvekuti maMuslim ndivo vega vanokwanisa kupa humbowo hwenjere nechokwadi chesainzi, vachivimba nemabviro eruzivo akavimbika, kuratidza kuti Qur'an rinoera riri mumaoko avo mazuva ano ishoko raAllah Musiki, ngaarumbidzwe, rakachengetedzwa kubva mukushandurwa nekukanganiswa.

Qur'an rinoera ibhuku rakadzikiswa naAllah kuMuporofita wavo Muhammad (rugare netsitsi dzaAllah ngazvive kwavari), uye vakaudza vanhu kwemakore anopfuura mazana gumi nemana kuti vauye nerimwe rakangofanana naro, kana chitsauko (Surah) chimwechete chakafanana naro asi vakakundikana kuita izvozvo. Uye zvavakataura

izvi zvichiriko nanhasi pasina akakwanisa kuunza chimwe chinhu chakafanana naro pahunyanzvi hwekutauro, nekujekesa zvinorehwa, pazvishamiso, uye nepamitemo. Uye kunyangwe zvakadaro hapana akakwanisa mukufamba kwenguva dzese kuunza chimwe chinhu chakafanana naro kana chakatomboswedera pedyo naro. Chishamiso cheQur'an hachisi pamutauro waro chete wakasvika kumusoro-soro mukutauro nekujekesa zvinorehwa, asi chinoenderera mberi kusanganisira humbowo hwenjere nesainzi hunoratidza kuti ishoko raAllah. Kana Qur'an rinoera riine humbowo hwakajeka hunoratidza kuti ishoko raAllah, danho renjere nerine musoro nderekutenda mariri nekutevera zvakauya mariri, panzvimbo pekuvimba nemamwe mabhuku akakanganiswa nekupindira kwevanhu mukunyorwa kwawo.

Saka njere dzakakwana dzinotitungamirira pakuti shoko reMusiki, uyo akasika zvisikwa zvese nekuita kuti hurongwa hwazvo huve hwakakwana, ndipo panobva chokwadi chikuru pakuziva chokwadi, uye kana tikawana muQur'an chishamiso ichi mumutauro waro, muzvokwadi dzesainzi, mumitemo yayo yakazara, pamwe nekuchengetedzwa kwaro kubva mukushandurwa kana kakanganiswa kuburikidza nemazera ose, hapana imwe tsananguro inosara kunze kwekugamuchira kuti iri ishoko raAllah.

Naizvozvo, kutenda mune zvakauya muQur'an hakusi sarudzo yekutenda chete, asiwo isarudzo ine hungwaru inoenderana nemafungiro ekutsvaga chokwadi.

Uye Allah, vanorumbidzwa uye vari kumusoro - soro, vakatsanangura muQur'an rinoera kuti havana kutisika pasina chinangwa, asi kuti vakatisika kuti tivanamate.

Uye Allah vakatizivisa muQur'aan kuti hupenyu huno hwepasi pano hwatiri kurarama hungori nhanho hwenguva pfupi chete ichakurumidza kupera, asi hupenyu hwechokwadi husingaperi huchave muhupenyu hweramangwana apo vatendi vachapinda muJannah (Paradhisu) uye vasingatendi vachapinda muMoto.

Saka Musiki vakatisika kubva pasina, vane masimba zvechokwadi ekutidzoserazve kuhupenyu mushure mekufa, uye mune zvakatipoterredza pane zviratidzo zvaAllah muzvisikwa zvose izvi, tinoona humbowo hunobatika hwemasimba aAllah asingaperi pakumutsa zvanga zvakafa; sekuburitsa kunoita Allah moto kubva mumuti munyoro, nekuburitsa zvirimwa nemichero kubva muvhu rakaoma, nekusika mwana mudumbu ramai vake kubva kudonhwe. Zvirokwazvo, ivo vanorumbidzwa vane masimba ekumutsa vakafa nekuvaburitsa kubva mumakuva avo kuti vapihwe mubairo paZuva reQiyaamah, nokuti Allah vane masimba pazvinhu

zvose. Uye ikusaruramisira nehudzvanyiriri kuti hupenyu hwemudzvanyiriri newe akadzvanyirirwa hupere pasina kutongwa kana kupihwa mubairo.

Uye munhu anogona kuzvibvunza kuti nei Islam kwete zvimwe zvitendero?!

Zvirokwazvo, chinhu chikuru chinosiyanisa munhu pane zvimwe zvisikwa zvese injere, uye basa radzo kufunga nekutsvaga zvokwadi.

Zvirokwazvo Islam chitendero chinowirirana nepfungwa dzakatwasuka nechisikirwo chemunhu chakarurama, uye chinopa mhinduro dzine musoro kumibvunzo mikuru yekuvapo kwedu kuti: sei tiri pano? Uye chii chinangwa chehupenyu hwedu? Uye magumo ndeepi mushure merufu?

Uye Islam yakavakirwa pakunamata Musiki vari vega nehuchapupu hwekuti hapana chakakodzera kunamatwa kunze kwaAllah. Uhu ndihwo huchapupu hwekutanga, uye ndihwo hwaro hwekutenda muIslam, uye zvinoreva kuti hapana akakodzera kunamatwa pachokwadi kunze kwaAllah vari vega.

Uye kupupura uku kunosanganisira:

Humwechete hwaAllah (Tawhid): kureva kutenda muna Mwari vakakodzera kunamatwa vega, vasina mubatsiri, vasina mwana, uye hakuna chinhu chakafanana navo.

Kuzvibvisa kubva kuShirk: kureva kuti: kuramba zvidhori zvese nevanamwari vakagadzirwa nevanhu.

Uye Islam inosungira kutenda muvatumwa vese, saka maMuslim vanotenda, sekutiudza kwakaita Allah muQur'an, kuti Isa (Jesu) muranda waAllah nemutumwa wawo, uye kuti haasi mwanakomana waAllah; nekuti Allah vakuru zvekuti hazvigoneke kuti vave nemukadzi kana mwana, sezvo vasingavdi zvinhu zviviri izvi kana chero chii zvacho. Uye Allah vakatiudza muQur'an kuti Isa aive muporofita akapihwa minana yakawanda naAllah, uye kuti Allah vakamutuma kuti adane vanhu vake kuti vavanamate vari vega vasina mubatsiri. Uyezve vakatiudza kuti Isa haana kumbokumbira vanhu kuti vamunamate, asi iye pachake ainamata Musiki wake; saka kana uchida kuva mutendi muna Isa muchokwadi chinodiwa naAllah, unofanira kupinda muIslam.

Uye Allah vakatiudza muQur'an kuti Isa akaraira vanhu vake kuti vanamate Allah vari vega, uye akavayambira nezvekusanganisa Allah nezvimwe.

Zvine musoro here kuti munhu ane njere anamate chisikwa chakaita saiye, chinonzwa nzara nenyota, uye chisingakwanisi kuzvidzivirira parufu kana padambudziko?! Ko unonamata sei iwe munhu, Isa mwanakomana waMaryam, iye ari munhu aida zvekudya nezvekunwa, uye achinamata Musiki wake?! Pfungwa dzingatambira here kuti Mwari anozvinamata iye pachake?! Havasi Allah here avo vane hukuru, vakakwanira vari vega, vasina akafanana navo kana akaenzana

navo, uye zvese zviri muchadenga nepasi zviri pasi pesimba ravo nehutongi hwavo? Zvinganzwisika sei kuti Musiki wematenga nenyika vazvidukupise kuti vazvarwe semwana mucheche, vobva vazviisa mumaoko ezvisikwa zvavo kuti zvivaroverere pamuchinjikwa? Zvirokwazvo, avo vanorovererwa pamuchinjikwa nekuurayiwa vanhu vanofa nekuparara, asi Musiki ndivo vapenyu vasingafi, Muchengeti wezvese asingabatwi nekutsumwaira kana nehope. Hazvisi mukukwanira kwehukuru hwavo nehumambo hwavo here kuti vave vakacheneswa kubva kuzvinhu zvakadai?

Zvirokwazvo Allah vakatiudza muQur'an rinoera kuti vatumwa vose vakauya neshoko rimwe chete rinove: kudana vanhu vavo kuti vanamate Allah vari voga vasina mufambidzani, asi nekufamba kwenguva vamwe vakatsaudzira shoko iri risingaperi, ndokudzima chiedza chehumwechete hwaAllah chakauya nevaporofita. Saka Allah vakatumira mutumwa wekupedzisira Muhammad (Allah ngavavakomborere nekuvapa rugare) uye vakaburutsa kwaari Qur'an rinoera kuti amutsidzire shoko rehumwechete hwaAllah iro rakauya nevatumwa vose vakauya kare.

Uye mukupedzisira tinoti kwauri iwe munhu:

Zvirokwazvo Islam chitendero chepfungwa nechisikirwo, uye ndicho chitendero chega chakatarwa neMusiki Mukuru kuvanhu. Saka

zvinosungirwa pamunhu wese ane pfungwa dzakakwana kuti akurumidze kupinda muIslam izvo zvinoitwa nekuti atende muna Allah saTenzi, uye muIslam sechitendero, uye muna Muhammad seMutumwa. Iyi inyaya yekuti munhu haana sarudzo mairi, nekuti Allah vachamubvunza pazuva rokumutswa(Qiyāmah) kuti akapindura vatumwa kutii. Saka kana aive mutendi, achakunda nekuwana mufaro mukuru, uye kana aisave mutendi, acharasikirwa zviri pachena.

Kana uchitsvaga mufaro wechokwadi panyika nekubudirira muhupenyu unotevera, ziva kuti sarudzo huru yaungaita muhupenyu hwako kupinda muIslam. Uye hapana chimwe chaunofanirwa kuita kunze kwekutaure mashoko aya nemoyo wechokwadi unotenda: Ash-hadu an lā ilāha illāllāh, wa ash-hadu anna Muḥammadan rasūlullāh.

(Ndinopupura kuti hapana chakakodzera kunamatwa kunze kwaAllah, uye ndinopupura kuti Muhammad Mutumwa waAllah), zvararo wotanga kudzidza chitendero chako, nekuita zvaunosungirwa nezvipupuro zviviri izvi pakutenda muna Allah neMutumwa wavo, nekutevedzera mapango eIslam.

Taura kukupura uku iye zvino, uye usazeza; nekuti rufu runogona kusvika pakarepo, saka usanonotsa sarudzo yakakosha zvakadai, usasiyira Shaytwaan mukana wekukutsausa kubva kune

zvakanaka, iva neushingi, uye tanga nzira yako inoenda kuchiedza negwara rakarurama.

Ita sarudzo yako ikozvino, uye tanga hupenyu hutsva huzere nerunyararo nekugutsikana.

"Ndinopupura kuti hakuna chakakodzera kunamatwa kunze kwaAllah, uye ndinopupura kuti Muhammad Mutumwa waAllah"

الفهرس

Wakambozvibvunza here? Ndiani akakusika? Uye nekuda kwei akakusika? Uye chii chiri mushure merufu?	2
Wakambozvibvunza here? Ndiani akakusika? Uye nekuda kwei akakusika? Uye chii chiri mushure merufu?	2
Uye mukupedzisira tinoti kwauri iwe munhu:	13